

Redui danje nan rapò seksyèl pou moun ki p ap pran medikaman pou tretman VIH oswa PrEP

Yo ka itilize [Tretman VIH](#) ak [pwofilaksis avan ekspozisyon \(pre-exposure prophylaxis, PrEP\)](#) yo san danje epi yo efikas pou redui transmisyon VIH. Men, si w pa prè pou w pran medikaman chak jou pou trete oswa prevni VIH, men kèk opsyon rapò seksyèl ki pi sekirite pou ede w rete an sante.

Eksplore rapò seksyèl ak bouch, men ak jwèt yo

- Tibèf, laponyèt/mastibasyon, bo ak estimilasyon twou dèyè oswa ògàn jenital yo ak dwèt oswa jwèt seksyèl ka bay bon jan plezi seksyèl san w pa riske transmisyon VIH.

Itilize kondòm souvan jan sa posib.

- [Lè yo itilize l kòrèkteman](#), kondòm ede prevni VIH, lòt enfeksyon transmisib seksyèl yo ak gwosès endezirab. Ajoute librifyan abaz silikòn oswa abaz dlo pou anpeche kondòm lan chire.
- Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, ou ka jwenn pwodui pou redui danje nan rapò seksyèl **gratis** pa lapòs lè w fè kòmand sou entènèt nan [pwogram Door 2 Door \(Pòt a Pòt\)](#). Epitou, ou ka jwenn pwodui pou redui danje nan rapò seksyèl gratis tou pre w lè w itilize [NYC Health Map \(Kat Jewografik NYC Health\)](#) la oswa rele **311**.

Itilize pwofilaksis apre ekspozisyon (post-exposure prophylaxis, PEP) lè gen yon ijans.

- Si w sewo negatif (ou pa gen VIH) epi w panse ou ka ekspoze a VIH, pran [PEP ijans](#) touswit.
- Ou ka kòmanse pran PEP san w pa bezwen al nan yon sal dijans oswa klinik lè w rele liy asistans NYC PEP a nan **844-373-7692**, ki disponib 24/24, 7/7.

Al fè tès regilyèman pou enfeksyon transmisib seksyèl yo (ki gen ladan VIH)

- [Enfeksyon transmisib seksyèl yo](#) (sexually transmitted infections, STIs) pa toujou montre sentòm yo, espesyalman nan twou dèyè oswa gòj. Lè w gen yon STI, sa ka rann li pi fasil pou trape oswa transmèt VIH.
- Lè w fè tès chak twa a sis mwa epi w resevwa tretman touswit, sa ap fè w rete an sante epi ede anpeche transmisyon VIH, oswa lòt STIs yo bay patnè w yo.
- Si w pa gen yon pwofesyonèl swen sante, ou ka rele Liy Asistans Klinik Sante Seksyèl Vil New York la (NYC Sexual Health Clinic Hotline) nan **347-396-7959** oswa al nan yon Klinik Sante Seksyèl Vil New York. Vizite pajwèb [Sexual Health Clinic \(Klinik Sante Seksyèl\)](#) la pou w jwenn orè ki pi aktyèl la.

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.
6.23.20